

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Panalungtikan mangrupa hiji kagiatan ngumpulkeun jeung maluruh data anu sipatna sistemis jeung logis. Ku kituna, pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan mikabutuh téhnik atawa métode pikeun panalungtikan. Métode panalungtikan nyaéta cara atawa téhnik pikeun nyangking data sangkan ngahontal tujuantujuan dina panalungtikan (Sugiyono, 2013, kc. 2).

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 9), pamarekan kualitatif nyaéta téhnik panalungtikan anu miboga dasar filsafat *postpositivisme* sarta miboga udagan pikeun nalungtik kana hal anu sipatna alamiah. Pamarekan kualitatif miboga udagan pikeun ngagambarkeun (*to describe*), maluruh (*to explore*), jeung ngajéntrékeun (*to explain*).

Nurutkeun Alamsyah (2020, kc. 104), métode deskriptif ieu dilakukeun pikeun ngajelaskeun hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan aya sababaraha hal nu baris dilaksanakeun nyaéta: 1) tatahar, dina tahap ieu panalungtik nangtukeun masalah rék didiskusikeun, 2) ngumpulkeun data, data dikumpulkeun ku cara maca, jeung 3) nyieun catetan.

Dina panalungtikan kualitatif tangtu panalungtik ngagunakeun sababaraha landasan téori pikeun nguatkeun panalungtikan nu keur digarap. Téori nu digunakeun dina panalungtikan kualitatif téh sifatna masih sementara, nu mana ieu téori bakal mekar sanggeus panalungtik asup ka lapangan panalungtikan. Patali jeung landasan téori nu digunakeun, dina métode panalungtikan kualitatif sifatna kudu bisa ngajembarkeun deui téori nu keur digunakeun.

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 215), dina métode panalungtikan kualitatif ngagunakeun istilah *social situation* atawa situasi sosial nu ngandung tilu élemén di antarana nyaéta tempat (*place*), palaku (*actors*), jeung aktivitas (*activity*) nu interaksi sacara sinergis. Dina situasi sosial ieu bisa disebut salaku objék panalungtikan nu hayang dipikanyaho hal naon waé nu aya dijero masalah nu keur ditalungtik. Dina situasi sosial ieu, panalungtik bisa niténan aktivitas, palaku jeung tempat-tempat nu tangtu. Dina objék métode panalungtikan kualitatif bisa

Chicha Kirani, 2023

*AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH
KABUPATÉN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ogé maluruh kajadian alam, tutuwuhan, sasatoan, kadaharan jeung sajabanna. Dumasar kana pedaran di luhur, métode anu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta métode déskriptif kualitatif, pikeun ngaguar sagala hal anu aya patalina jeung panalungtikan ieu ti mulai kasang tukang masalah nepi ka ngébréhkeun hasil panalungtikan, sangkan ieu panalungtikan bisa kahontal. Ku kituna, panalungtik bisa turun ka objék panalungtikan dumasar kana observasi jeung wawancara ka sababaraha narasumber. Nangtukeun sumber data ka narasumber ogé kudu ngaliwatan sababaraha tinimbangan dumasar kana tujuan nu rék dihontal.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang prak-prakan panalungtikan. Ku kituna, desain panalungtikan miboga pancén pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah atawa runtuyan kagiatan nalika panalungtikan. Desain dina ieu panalungtikan dipedar dina bagan di handap.

- 1) Ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah nu rék ditalungtik;
- 2) Obsérvasi pikeun ngumpulkeun data panalungtikan ku cara turun langsung ka lapangan, wawancara, jeung ngadokuméntasikeun sawatara hal anu patali jeung panalungtikan;
- 3) Nangtukeun téhnik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan;
- 4) Nganalisis data jeung ngadéskripsikeun data panalungtikan; jeung
- 5) Ngalaporkeun hasil panalungtikan.



Bagan 3.1

Désain Panalungtikan

Chicha Kirani, 2023

*AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH
KABUPATÉN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Chicha Kirani, 2023

***AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH
KABUPATÉN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Di Jawa Barat, kasenian terbang ampir kapanggih di unggal kecamatan, salah sahijina aya di Kabupatén Bandung, di Kecamatan Ibum, Paséh jeung di Kecamatan Majalaya. Lokasi ieu panalungtikan nyaéta aya di Kampung Salamungkal Rt 02 Rw 03 Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung. Sacara umum lokasina kurang leuwih aya dina 700 M (mdpl). Lega wilayah Kecamatan Paséh nyaéta 5.438,375 Ha. Wates wilayah kalér semet Kecamatan Solokan Jeruk jeung Rancaékék. Wates wilayah wétan semet Kecamatan Garut, wates wilayah kulon semet Kecamatan Ibum jeung Majalaya.


Legana wilayah Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung nyaéta 253,63 Ha. Jumlah penduduk nu aya di Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung nyaéta aya 5.821 jiwa,

Chicha Kirani, 2023

***AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH
KABUPATÉN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2.2 Peta Lokasi Panalungtikan



Gambar 3.1

Peta Lokasi Panalungtikan

Sumber: Staf Pengadministrasian Kependudukan Kecamatan Paséh Taun 2022

Chicha Kirani, 2023

AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH
KABUPATÉN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi anu ditalungkin teáh aya di Kampung Salamungkal. Kampung Salamungkal aya di palebah wetaneun Kampung Cipaku, loreun kampong Drawati jeung palebah kiduleun Kecamatan Cikancung. kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi aya ti taun 1989 anu mimiti dipimpin ku Ma Aki Jedok (alm). Baheula mah ieu kasenian téh diaranan Genjring Sholawatan lantaran lagu-lagu anu dihaleuangkeunna ngan saukur lagu sholawat wungkul. tapi ku ayana kamekaran jaman jadi ngasang tukang diadegkeunna grup kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi pikeun nanjeurkeun kasenian nu aya di tatar Sunda.

3.3 Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Sugiyono (2013. kc, 6) data kualitatif nyaéta data dina wangun kalimah, kecap, géstur, éksprési pameunteu, wangun, gambar jeung foto. Katerangan umum objék Ieu panalungtikan ngawengku sajarah ngadegna kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi, lokasi géografis panalungtikan, waditra nu dipaké jeung ajén réligi nu nyangkaruk dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi.

Data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta data primer. Data primer nyaéta sumber data anu dimeunangkeun sacara langsung tina objék panalungtikanna. Sugiyono (2013. kc, 137) nétélakeun yén data primér nyaéta data anu langsung méré data ka pangumpul data jeung data primér dimeunangkeun tina hasil angkét atawa wawancara anu dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan, data primer dimeunangkeun tina hasil obsérvasi jeung data hasil wawancara ka para pamaén kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi.

Salian ti éta, sumber data nu dimeunangkeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun 3P (*Person, Place, and Paper*) nurutkeun Arikunto (2010. kc, 172) nyaéta:

1) Jalma (*Person*)

Jalma nya éta sumber data anu bisa méré data dina wangun jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tulisan ngaliwatan angkét. Anu dimaksud jalma dina panalungtikan di dieu nyaéta pihak anu jadi sumber data lantaran dianggap patali jeung masalah panalungtikan sangkan bisa méré

informasi anu diperlukeun. Sedengkeun pikeun informan dina wawancara nyaéta palaku seni jeung panikmat seni.

2) Tempat (*Place*)

Tempat nyaéta sumber data anu ngabambarkeun kaayaan cicing atawa gerak. Dina panalungtikan ieu tempat anu dimaksud nyaéta di Kampung Salamungkal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung.

3) Dokumén (*Paper*)

Dokumén mangrupa sumber data anu nyampakkeun dina wangun aksara, angka, gambar atawa simbol-simbol séjénna. Dina ieu panalungtikan, dokumén-dokumén anu dimaksud nyaéta dina wangun profil Kampung Salamungkal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung jeung sawatara istilah-istilah nu dipaluruh tina buku sumber.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan miboga fungsi salaku alat panalungtikan pikeun mantuan panalungtik dina netepkeun puseur panalungtikan, milih sumber data, ngumpulkeun data, maluruh kualitas data, nganalisis data, napsirkeun data, jeung nyieun kacindekan.

Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun sababaraha instrumén sangkan nyangking data jeung hasil anu nyugemakeun.

1) Hapé atawa Ponsél

Hapé atawa ponsél digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun dina wangun foto, video jeung hasil rékaman.

2) Buku Catetan

Buku catetan digunakeun pikeun nyatet sagala hal anu aya patalina jeung kagiatan panalungtikan, utamana nalika wawancara jeung narasumber.


3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dipaké pikeun nyangking informasi sacara lisan. Pedoman wawancara kudu aya sangkan prosés panalungtikan lancar tur nalika ngawawancara narasumber, data atawa patalékan naon waé anu diperlukeun bisa dimeunangkeun saluyu jeung data nu dibutuhkeun. Pedoman wawancara anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta sajumlahing pananya di handap ieu:


Tabél 3.1
Biodata Informan, Réspéndén jeung Daftar Patalékan
Instrumén I :


No	Biodata Informan & Réspéndén	Dokumentasi
1	Waktu Wawancara : 06 Juni 2023	
2	Wasta : Dra. Tika R.P	
3	Yuswa : 52 Taun	
4	Wandabaga : Istri	
5	Atikan : S2	
6	Pakasaban : Aparat Pamaréntahan	
7	Kalungguhan : Ketua Bidang SOSBUD	
8	Padumukan : Banjaran Kab. Bandung	

No	Biodata Informan & Réspéndén	Dokumentasi
1	Waktu Wawancara : 06 Juni 2023	
2	Wasta : Eva Mariela A	
3	Yuswa : 31	
4	Wandabaga : Istri	
5	Atikan : D3	
6	Pakasaban : Aparat Pamaréntahan	
7	Kalungguhan : Staf Kependudukan	
8	Padumukan : Tangsi Mekar	

No	Biodata Informan & Réspóndén	Dokuméntasi
1	Waktu Wawancara : 22 Juli 2023	
2	Wasta : Encép	
3	Yuswa : 48 Taun	
4	Wandabaga : Pameget	
5	Atikan : SD	
6	Pakasaban : Seniman	
7	Kalungguhan : Palaku Seni	
8	Padumukan : Karangtunggal	

No	Biodata Informan & Réspóndén	Dokuméntasi
1	Waktu Wawancara : 22 Juli 2023	
2	Wasta : Jana	
3	Yuswa : 45 Taun	
4	Wandabaga : Pameget	
5	Atikan : SD	
6	Pakasaban : Buruh & Seniman	
7	Kalungguhan : Palaku Seni	
8	Padumukan : Karangtunggal	

No	Biodata Informan & Réspóndén	Dokuméntasi
1	Waktu Wawancara : 22 Juli 2023	
2	Wasta : Angga	
3	Yuswa : 24 Taun	
4	Wandabaga : Pameget	
5	Atikan : SMP	
6	Pakasaban : Wiraswasta	
7	Kalungguhan : Penikmat Seni	
8	Padumukan : Karangtunggal	

No	Biodata Informan & Réspodén	Dokuméntasi
1	Waktu Wawancara : 22 Juli 2023	
2	Wasta : Encas	
3	Yuswa : 10 Taun	
4	Wandabaga : Pameget	
5	Atikan : SD	
6	Pakasaban : Pelajar	
7	Kalungguhan : Palaku Seni	
8	Padumukan : Karangtunggal	

Instrumen II :

Rumusan	Daftar Patalékan
Asal-muasal	<ol style="list-style-type: none"> 1. Saha nu mimiti ngamekarkeun kasenian terbang buhun di Désa Karangtunggal téh? 2. Naon kasangtukang diadegkeunna kasenian terbang buhun ieu téh? 3. Ti iraha ayana kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi téh? 4. Grup kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi ayeuna kaasup kana generasi ka sabaraha? 5. Naha beut diaranan kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi? 6. Naon maksudna Pusaka Sawargi?
Pakakas jeung artistik anu digunakeun	<ol style="list-style-type: none"> 1. Naon waé waditra anu dipaké dina kasenian terbang buhun ieu? 2. Naha aya panambah waditra pikeun ngeuyeuban ieu kasenian terbang? naon maksud jeung tujuan? 3. Naha unggal mintonkeun kudu aya sasajén? Lamun henteu maké sasajén naha aya balukarna? 4. Sasajén naon waé anu biasa dipaké dina kasenian terbang buhun téh?

Rumusan	Daftar Patalékan
	<ol style="list-style-type: none"> 5. Makna atawa harti naon anu nyangkaruk dina unggal sasajén anu dipaké? 6. Aya katangtuan husus atawa henteu nalika maké raksukan unggal pamaén atawa panongton? 7. Kumaha parobahan waditra, sasajén jeung raksukan ti baheula nepi ka ayeuna nalika mintonkeun kasenian terbang buhun? 8. Kumaha formasi pintonan dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi téh?
Tatahar jeung prakprakan	<ol style="list-style-type: none"> 1. Di mana tempat pagelaran kasenian terbang buhun téh? 2. Iraha kasenian terbang buhun dipintonkeunana? 3. Hal naon nu kudu ditataharkeun saméméh pagelaran lumangsung? 4. Dina acara naon waé kasenian terbang buhun dipintonkeunana? 5. Sabaraha lila durasi kasenian terbang dipintonkeunana? 6. Lagu naon waé anu dipaké dina kasenian terbang buhun téh? 7. Sabaraha urang pamaén dina kasenian terbang buhun? 8. Kumaha prak-prakan kasenian terbang buhun téh? 9. Kumaha formasi pamaén dina pintonan ieu terbang buhun Pusaka Sawargi? 10. Naon anu jadi pangbéda antara sindén awéwé jeung lalaki? 11. Naon tujuan diayakeunna démonstrasi diakhir pintonan?
	<ol style="list-style-type: none"> 1. Sistem kapercayaan naon anu dipaké dina kasenian terbang buhun? 2. Ajén réligi naon waé anu aya dina kasenian terbang

Rumusan	Daftar Patalékan
Ajén réligi	buhun ieu? 3. Sifat naon anu aya tina unggal sasajén pagelaran kasenian terbang buhun téh?
Cara ngamumulé	1. Kumaha tanggapan di masyakarat umum kana kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi? 2. Kumaha cara sangkan ieu kasenian tetep hirup luyu jeung parobahan jaman? 3. Keur ka hareupna naha bakal aya generasi anyar pikeun neruskeun ieu grup kasenian atawa henteu? 4. Naon waé usaha-usaha ibu/bapa kanggo ayana régénération kahareupna? 5. Usaha naon waé nu geus dilakukeun ku pamaréntah satempat pikeun ngariksa ieu kasenian?

3.5 Téhnik Ngolah Data

- 1) Niténan deui data nu geus kakumpul;
- 2) Nganalisis jeung milah-milih data nu geus kakumpul tuluy diolah;
- 3) Nganalisis ajén réligi dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi diKecamatan Paséh;
- 4) Ngadéskrripsikeun hasil penapsiran tina wawancara jeung observasi;
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil nganalisis ajén réligi nu aya dina kasenianterbang buhun Pusaka Sawargi.

Chicha Kirani, 2023

AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH KABUPATEN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Chicha Kirani, 2023

AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH KABUPATEN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Chicha Kirani, 2023

AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH KABUPATEN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu